



Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIKSÈ KONT ESPÈS ANVAYISAN NAN KONTE NIAGARA

### ***14,400 karo tè derègleman, sa kap pèmèt agrikiltè yo kòmanse plante atan pou prentan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke pou twazyèm ane youn dèyè lòt, enspektè yo pat dektekte viris Plum Pox espès anvayisan nan pyebwa fwi ki gen grenn nan Eta New York. Akoz de rezilta pozitif sa yo, agrikiltè yo kouvri tè sou plis pase 14,400 karo tè nan Konte Niagara pral ka plante pyebwa fwi ki gen grenn nan konte a, enkli pèch, prin, nektarin ak abriko—nan kèk zòn pou premye fwa depi 2006.

“Avèk eliminasyon reyisi espès anvayisan yo, yon pati enpòtan nan endistri agrikòl New York ka yon fwa ankò sèvi preske 15,000 karo tè ki te afekte,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Agrikiltè yo kap viv sou sa yo pwodui, epi pèmèt yo plante pyebwa fwi yo pral ede kontinye kontribye a youn nan endistri yo ki pi enpòtan nan eta sa a.”

Nan 2014, enspektè yo ki soti nan Depatman Agrikilti Eta te kolekte preske 120,000 echantiyon nan Konte Niagara, Orleans ak Wayne, yo tout teste negatif pou viris Plum Pox. Sa a vle di ke 14,400 karo tè pral soti apati yon zòn règleman strik a yon zòn Karantèn mwen strik, e yo ka plante pyebwa Prunus yo yon fwa ankò nan sa ki “pa zòn plantasyon.” Tès la te gen èd yon sibvansyon \$568,000 ki soti nan USDA Animal ak Sèvis Enspeksyon Sante Plant.

Lè fwi ki soti nan pyebwa ki gen grenn lan enfekte avèk viris Plum Pox, randman yo redwi, lavi pyebwa rakousi, e fwi yo defigire nan pwen kote yo vin pa ka vann. Viris la pwopaje sou grefon ki enfeste oswa atravè transmisyon pis, yon ti ensèk. Viris Plum Pox pa poze okenn danje sante sou moun.

Jim Bittner, Patnè nan Bittner-Singer Orchards nan Appleton, NY, te deklare, “Derèglemantasyon sa a pral pèmèt nou plante 15 nouvo karo rezen pèch ane sa a ak youn lòt 20 nan 2016. Pyebwa pèch pa viv pou toutan e nou pral byento bezwen ranplase kèk nan ansyen jaden rezen nou yo. Nouvo etap sa Eta New York te pran pral pèmèt nou fè sa avèk nouvo varyete ak nouvo sistèm plantasyon ki pi efikas.”

Anvan nouvo deziyasyon sa a, Konte Niagara se te dènye konte nan peyi a avèk yon deziyasyon aktif viris Plum Pox. Viris la te premye parèt nan Etazini, nan Pennsylvania nan oktòb 1999 e yo te elimine l nan eta sa nan 2009. Li te premye parèt nan Eta New York nan Konte Niagara nan 2006 e pita yo te jwenn li nan Konte Orleans ak Wayne. Depi lè sa, enspektè yo nan eta te fè sondaj nan rejyon twa konte. Konte Wayne ak Orleans te pase nan deziyasyon zòn règlemante ak zòn karantèn nan 2012. Depi lè sa, toulède konte yo te gen dezan sondaj siveyans pwòp pou yon total senkan echantiyon negatif jiska dat. Si nan fen sondaj 2015 lan yo pa jwenn anyen pozitif nan de konte sa yo, yap leve tout rès restriksyon ki rete sou konte sa yo.

Komisyone Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare, “Espès anvayisan se yon gwo menas pou endistri agrikòl nou an kap pwospere, se poutèt sa yon viktwa tankou sa anfèt merite selebrasyon. Alòske nou poko fin soti nan bwa yo nan efò nou pou elimine viris Plum Pox nan New York, lefèt ke agrikiltè yo ka kòmanse plante ankò se bon nouvèl pou agrikilti Konte Niagara. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk patnè nou yo nan tout nivo nan gouvènman ak endistri a pou sipò kontinye yo nan efò nou pou konbat espès anvayisan yo la nan New York.”

Siksè jodia nan preske eliminasyon maladi sa a koze an gwo pati grasa koperasyon pwodikè tout fwi ak pepinyè yo nan eta. Depi premye dekteksyon Viris Plum Pox nan Konte Niagara, anplwaye Agrikilti ak Mache yo te rankontre endividyèlman chak ane avèk tout agrikiltè fwi yo ki afekte nan Eta New York pou yo travay sou karantèn la epi asire konfòmite. Anplis, yo te travay avèk endistri pepinyè a pou asire ke yo konnen kote yo ka ak pa ka vann plant, ak konnen kote yo ka ak pa ka pwopaje. Ajans lan te mande tou nenpòt moun nan zòn nan kap vann plant fwi ki gen grenn pou respekte antant ki anplas la pou asire ke yo okouran de règleman ak regilasyon ki anviwone espès anvayisan sa a.

Gouvènè Cuomo te etabli yon kantite inisyativ pou konbat espès anvayisan yo nan Eta New York. Nan jiyè 2012, li te siyen lwa pou bay Depatman Pwoteksyon Anviwònman ak Depatman Agrikilti ak Mache otorite pou kontwole lavant, acha, posesyon, entwodiksyon, enpòtasyon ak transpò espès k ap anvayi yo, epi l ap bay sanksyon pou moun ki vyole règleman sa yo. Lwa te etabli tou penalite pou sila yo ki vyole règlemantasyon yo. Gouvènè a te pwopoze yon ogmantasyon \$1 milyon dola pou ogmante Fon Pwoteksyon Anviwònman nan pwochen ane fiskal pou konbat pwopagasyon espès anvayisan yo. New York pwodwi anpil fwi ki gen grenn, avèk plizyè milye karo tè ki angaje pou lapèch, nektarin, prin ak abriko. New York klase 11yèm pozisyon nan peyi a pou pèch, li pwodui 6,680 tòn ki evalye \$11,156,000 nan ane 2014.

Depatman Agrikilti ak Divizyon Mache Endistri Plant travay avèk ajans federal ak eta ansanm avèk patnè yo nan kominote agrikilti a pou konbat espès anvayisan yo sou tè agrikòl yo. Pwogram aktif gen ladann Pwogram Asian Longhorned Beetle nan Vil New York ak Long Island, pwogram Golden Nematode program nan Long Island ak sèten pati nan konte upstate yo enkli Steuben, Seneca ak Wayne, ak pwogram Emerald Ash Borer toupatou nan eta.

Senatè Patty Ritchie te deklare, “Fè tè sa yo ouvè pou plante plis fwi se yon etap enpòtan pou agrikiltè yo nan rejyon sa a, kote lavi yo depann sou sa yo ka pwodui. Mwen konplimante Gouvènè a paske li goumen san danje kont viris Plum Pox epitou paske li mete tè sa yo disponib yon fwa ankò pou agrikilti Eta New York.”

Manm Asanble Bill Magee te deklare, “Pandan anpil ane, 14,400 karo tè pat disponib pou agrikiltè yo ki bezwen l'iplis. Men avèk estrateji reyisi Gouvènè Cuomo pou elimine espès anvayisan yo nan Konte Niagara, tè sa ka sèvi kounye a pou sa li te destine. Viris Plum Pox te yon espès menasan, e mwen kontan paske yo ka itilize tè yo kounye a pou pwodui manje ak ranfòse endistri a.”

Prezidan Biwo Fèm New York Dean Norton te deklare, “Biwo Fèm New York kontan dèske efò NYSDAM pou kenbe Plum Pox te pote fwi nan rejyon an. Pwodiktè nou yo nan Konte Niagara ka yon fwa ankò gen opsyon pou plante varyete fwi popilè yo. Divèsifikasyon enpòtan pou agrikiltè yo kap chèche pou elaji sa yap ofri konsomatè yo nan fason pou redwi risk epi sipòte rezilta yo.”

Sondaj yo nan Konte Niagara gen ladan yon atansyon sou zòn ki pi pre a rivyè Niagara kòm Canada toujou gen maladi sa nan pèch rezen li yo. Anvan plantasyon ane sa a nan zòn règleman a, yo ankouraje pwodiktè fwi ak pepinyè yo pou kontakte anlwaye pwogram eliminasyon Plum Pox nan (585) 370-1606.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418